Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 11 (7567)
8 март
Арбаг1
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Байрам

## 8 Мартгун, руччаби!

Хириял руччаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда бищунго берци наб, бищунго гвангъараб ихдалил праздник – 8 Март. Гьеб буго бакъул хинал чIоралгун, чIаголъулеб, цIилъулеб тIабигIатгун, щибаб соналъго бачIунеб байрамазул цояб. Гьелъулъ бессун буго чIужугIаданалъул сипаталда хурхараб кинабго гьайбатабщинаб. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьабула нилъ гьарурал, кодоре рачун нилъ реэдарал, кинидахъ хIайранал кучIдул ахIарал, нилъер хIеренал, кидаго нилъ рекIел хинлъиялъги, тIалаб-агъазалъги сверун ккурал улбул, нилъер къадруял, къиматал, хIажаталъур хьолбохъ ратулел ясал ва яцал.



Хириял улбул, яцал ва ясал! Щибаб хъизаналъул рухIияб рацIалъиги хинлъиги цIунулел, хIалхьи лъаларел нужелъ бихьула лъикIабщинаб. Мекъи ккеларо чIужугIадан гьечIони ракьалда гIумру букIинарин абуниги. ЧIужугIадан гьечIеб рукъ – гьеб буго цIа свараб гъасито. ЧIужугIаданалъул кверазги гIакълуялъги, махщалицаги гIуцIула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, кIудияб ва жавабчилъи цIикIкIараб роль хIалтIизабула общественниябгун жамгIияб гIумро цебетIезабиялда. Доб Совет хIукуматалъул заманал да гIадин жакъаги дагьаб хIалтIи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гIун бачIунеб гIелалъе тарбиялъай кьеялъеги, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялдаги ва цогидал бутIабаздаги. ЧIужугIадан кидаго мустахIикъай йиго рецщалъеги адаб-хIурматалъеги.

Гьарула киналго руччабазе ракълилаб гIумро, талихIгун рохел, щулияб сахлъи. Бичанте киналго хъизанал рахIаталда ва гьарзалъиялда рукIине.

Иманги, талихIги, икъбалги, нужее, нижер хириял руччаби!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Роха-хинлъиялъул тадбир



22 февралалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъ культураялъул управлениялъул клубалда тIобитIана ВатIан цIунулезул Къоялда хурхараб тадбир. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул замал, администрациялъул отделазул нухмалъулел, къуваталъулал органазул вакилзаби. Тадбиралъул байбихьуда Лъаларев Солдатасул обелискалда цебе лъуна тIугьдул. Роха-хинлъиялъул бутIа рагьана ва бачана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. «Нилъ ихтияр букIун чIухIула нилъер рагъухъабазул къо хIехьеялдаса, бихьинчилъиялдаса ва къвакIиялдаса. Гьез бищунго цIикIкIарал биял гIодоре тIурал I94I-I945 соназул рагъулъги бергьана нилъ, гIицIго яргъидалъун гуреб, рухIияб къвакIиялдалъунги векана тушман,-ян тIадчIей гьабуна ГI. ГIабдулаевас.

Тадбиралда баркиялъул каламгун кIалъана районалъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов. «Гьаб праздникалъ нилъеда ракIалде щвезарула Советиял рагъухъабазул къохIехьей, бихьинчияб къагIидаялъ фашистадаса улка цIунана цIакъ захIматал кьабиял гьез жидецаго жидедаго тIадеги росун, кидаго холареб бахIарчилъиялъул цIар тана ВатIан цIунулаго ракьалда нилъер гIадамаз,-ян абуна гьес жиндирго кIалъаялда.

Культураялъул тадбиралда бихьизабуна «Эбел ялагьун чIун йиго дихъ»,-абураб рекIее асар гьабулеб СВОялда хурхараб ролик. Гьединго рекIее асар гьабуледухъ кьурди гьабуна районалъул «Счастье гор» хороографическияб ва халкъияб «Унцукуль» ансамбляз. Цере рахъана Шамильхъала поселокалъул культурияб Централъул вокалистал; Ш. Мусаева, Р. ХIадисова, ТI. ГIумаров, Л. МухIамадова ва цогидалги.

Проектал

## Жагъаллъараб школа къачIана, амма…



1176 цIалдохъанасе бакI бугеб Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб лъай кьеялъул школалъул мина гIемерал соназ авариялъулаб ахIвал-хIалалда буго. Цойги лъай кьеялъе данде кколеб эркенаб мина гьечIолъиялъ ва лъай кьеялъул процесс гьоркьоб кьотIизе бокьунгутIиялъги цIалдохъабиги лъай кьеялъул г1адамалги гьенир хIалт1ич1ого ресги гьеч1о.

Лъималазе ва гьенир хIалтIулезе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIадкъай кьун букIана цIакъго хIинкъи бугел школалъул корпусалъул бутIабазда, ай хIинкъи бугел бакIазда цIодорлъиялъул хIалтIаби гьаризе. Гьал къоязда гьеб ишалда хурхун хIалтIаби унел ругеб куцалъул бицана ЖКХялъул ва бакIал раялъул управлениялъул директорасул ишал тIуралев ХI-М. ГIабдурахIмановас ва Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул директорасул ишал тIуралев М. Къадиевас. Гьез бихьизабуна школалъул администрациялъул минаялъуб щула гьабиялъул хIалтIаби гьарунин жиндир заманалда ва качественнияб къагIидаялъ,-абун. Цогидал бакIазда косметическияб ремонт гьабун рагIалде бахъарабго минаялъуб дарсал кьезе бегьулин бихьизабуна гьез.

**(Ахир 2 гьумералда)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 11 (7567)
Арбагl
8 март 2023 сон

2 гьумер

# Барка, магIарулай, 8 Март!

Гьаб ихдалил къоялъул
Хинлъи-недегълъи бугей,
МугIрул чабхил иццазул
БацIцIалъи, тIокIлъи бугей.
ЩIулакьодул гъветIалъгIан
Къалбал гъварид риччалей,
Кьурабаз-мугIруз гIадин
РекIелъ щулалъи кколей.

*Ф. ГIалиева.*



## Жагъаллъараб школа къачIана, амма…

Школалъул мина авариялъул къагIидаялъ жагъаллъун букIинги хIисабалде босун лъималазул эбел-инсуца ва хIалтIулаб персоналалъ кIудияб хьул гьабулеб буго Дагъистан Республикаялъул БетIер С. Меликовасде, гьесул нухмалъиялда бугеб РДялъул шагьарал раялъул ва архитектураялъул Советалъул заседаниялда 2022 соналъул 23 декабралда гьоркьоб лъураб тIадкъаялда рекъон, Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул мина цIидасан баялде. Гьелде школалда цIалулел лъималазул эбел-инсуца кIудияб божилъиги гьабулебги буго, 800 лъимадуе бакI бугеб школалъул мина бан рагIалде бахъинабизе ккола гьениб. Госэкспертизалъул гьелъул рахъ ккураб заключение букIиналъ хьул буго гьеб заманалда бан рагIалде бахъинилан.

Терроризм

## Балахьуни – терроризмалде данде чIараб цIали



РФялъул Президентасул 20I2 соналъул I4 июналда бахъараб № 85I бугеб «Терроризмалъул хIинкъи гьечIолъиялъул уровень чIезабиялъул, гьелъул гIадамазе ва улкаялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ тIадеги тадбиразул» Указалда рекъон терроризмалде данде цIали (тренировка гьаби) тIобитIана Балахьуни росулъ.

Гьединаб тадбир тIобитIиялъе аслияб гIилла букIана лъай кьеялъул хIалтIул проектал бугеб гьединаб ахIвал-хIалалда, жидеего бугеб инструкция тIубазабизе ругьун гьариялъе терроризмалъул тIоцебесеб хIинкъи гьукъиялъул, ай тIаде кколез киналго гьаризе тIадал жал т1ураялъул. Тадбиралда гIахьаллъана ихтиярал цIунулел органазул, къуваталъул структураялъул, районалъулгун росдал администрациялъул медицинаялъул ва МЧСа лъул вакилзаби.

## Ясли-ах рагьана

Капиталияб ремонталдаса хадуб лъималазе жиндирго нуцIби рагьана ГIашилтIа росдал ясли-ахалъ. 22 февралалда букIана «Сосна» ясли-ах рагьулеб къо. Гьеб рагьи бухьинабун букIана Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатов гьавуралдаса I00 сон тIубаялъул юбилеялда.

Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев М. МухIамадов, лъай кьеялъул отделалъул специалистал У. МухIамадова, П. МухIамадхIажиева, ясли-ахалъул коллектив, гьенир тарбия кьолезул эбел-эмен, къокьго абуни гIешдерил жамагIат.

**(Ахир 4 гьумералда)**

# Дица рагIи абила…

(РагIи аваразул поэтесса ГI. Малачиевалъе)



## ЛъикIлъи гьабун телаан

ГIумру - нухазул гIомо,
Мун бичун бахъиналде
Дирго ракI рагьилаан,
ЙичIчIизе гьечIониги.
ГIумру - чирахъул чалу,
Мун бухIун тIагIиналде
РагIи абун телаан,
РагIизе гьечIониги.
ГIумру -къоязул гьобо,
Мун ххенон лъугIилалде,
ЛъикIлъи гьабун телаан,
Лъазе батичIониги.
ГIумру къокъаб гIел бугин,
ГIеладай дийги заман,
Зобги рази гьабизе
Ракьги тIаса лъугьине.

## ГIажал щайзе ахIулеб

Хьордарал ругьнал гIадин,
Ригьун ругел гIадамал,
ГIучI хъинтIани, бихьизе
Хъалада бан бугеб щцин.

Реххулеб рагIи буго
Хочодаса бегIераб,
Баккараб чIухIи буго
ЯхIалдаса кIудияб.

Сабрудал асар гуро
Иман лъурал ракIазулъ,
Адабалъул махI гуро,
Исламалъул чагIазулъ.

Гьаб киналго унтараб
Унти лъидасан щвараб,
Гьаб щивасулъ бижараб
ЖахIда лъица бекьараб?

ЦохIониги мактабалъ
Квешлъиялъул дарс лъунищ,
Улбуцагун умумаз
Мекъаб тарбия кьунищ?

Дурго гIумро къокълъизе
Мунго щай гIедегIулев?
Мех щвелалде регIизе
ГIажал щайзе ахIулеб?

## Лъие дир къварилъи къваригIун бугеб

Лъие дир къварилъи къваригIун бугеб
Къварилъабаз цIураб ракьул гьурмада,
Гьаб дир магIидеги регIарав чи щив
МагIирокъоб бугеб дуниялалда.
БетIер унтаниги инагьдулей дун,
БутIрул къотIаралги рихьулеб заман.
ХIетIе квачанинги гаргадулей дун,
ХIетIе-квер гьечIелги дандчIвалеб мехалъ.
Эбел-эменилан инагьдулей дун,
Эзул гьумер лъачIел лъимал рукIаго.
ГIагарав чи хванин угьдун йорчIула,
ГIагарлъи тIагIарал гIенеккунги тун.
Дирго ресукълъийин ракIбакъвай щола,
Ракъуца холезул хиялги кIочон.
Мина-мирк гьабизе кIвечIин кIалъала,
Зодикьго кьижулел кIочон ратула.
Яс гьечIей эбелин абун батула,
Наслуго щвечIекьа нечезе кколелъ.
ТалихIго гьечIилан борчIула цо-цо,
ТалихI къанщиназул пикру гьечIого.
Лъие дир къварилъи къваригIун бугеб
Къварилъабаз цIураб ракьул гьурмада,
Гьаб дир магIидеги регIарав чи щив,
МагIирокъоб бугеб дуниялалда.

## Къалъул завалалда

Жеги дир соназул риги инчIин,
Гьаб хаслихълъиялъул пашманлъиго щиб?
Къалъул завалалда гIумроги бугин,
Гьал дир пикрабазул пакъирлъиго щиб?
ЧIаго вугин мунан магIийги чучун,
Чидар магIирокъой духъ щай гIодулей?
Къаникь лъураб гIищкъу кърватIийги бахъун,
Къилбалъун мунги ккун, дун щай къосуней?
Дирго чIухIиялъе рокьиги хIелун,
ХIеккине тIамулеб тIирун чIараб яхI,
Кьерхараб рекIеда гIишкъул бакъги чIван,
ЧIаголъизабулеб чIунтараб хиял.
Жеги дир саназул рииги инчIин,
БачIине хехлъуге дир хасалихълъи.
Къалъул завалалда гIумроги бугин,
ЧIунтизе рекIунге, рекIел гъасито.

## ЧIужугIаданилан гIад-хочI гьаюге

Хъван бахъинчIеб шигIру рекIелъги хутIун,
Дун хвараб къоялда кьулизе ккела.
БицинчIеб рагIиги цадахъго босун,
Дун араб мехалда ургъизе тела.
Жакъа регIун гьечIо дихъ гIенеккизе
ГIарац багьанаде ккураб дуниял!
Жеги хIисаб гьечIо дир хIал бичIчIизе,
ХIалтIи гIиллаялъе батараб заман!
Цинги байбихьила бицанкIабазде,
Рицина маргьаби - макьилъ рихьичIел.
Къалмица хьирщила бахъараб гали,
Цоцахъе риччала берцинал гьерсал.
Цин, гьедин ккелалде, цо дихъ гIенекке,
Жеги чIаго йикIин кIочене тоге,
Унтулеб бакI гьикъе, къваригIел цIехе,
ГIаданлъи ракьалда лъугIичIин абе!
ЧIужугIаданилан гIад-хочI гьаюге,
Дунялалъул ургъел гьоркьоб биччаге!
ГIумро цIунейилан, гIадан цIунеян
Дица балеб ахIи хIурухъ битIуге!

## Каждый должен знать

В связи с возникшей необходимостью, в целях профилактики и предупреждения несчастных случаев и чрезвычайных происшествий, связанных со взрывом бытового газа и пожарами в жилом секторе каждый должен знать:

- О недопущении использования несертифицированных и самодельных обогревательных приборов, газовых колонок, неисправных обогревательных приборов, а также самовольных подключений к линии электропередач, а также к газопроводам, которые могут привести к возникновению чрезвычайных происшествий.
- О немедленном информировании УУП и дежурную часть ОМВД **(тел. 99-60-33, 98-43-57, 8999 4189414)** при выявлении в многоквартирных жилых домах посторонних лиц, не являющихся сотрудниками газовых служб и работниками РЭС, подозрительных предметов, появлении запаха газа.
- О необходимости строгого соблюдения мер пожарной безопасности при использовании бытового газа, а также незамедлительно информировать дежурную часть ОМВД, МЧС и газовую службу при возникновении пожаров, появлении запаха газа и угрозе взрывов, образовавшейся газо-воздушной смеси

## Информационное сообщение о налоговых льготах при налогообложении имущества за налоговый период 2022 года по организациям и физическим лицам.

Для налогоплательщиков юридических лиц Федеральным законом от 15.04.2019 № 63-ФЗ «О внесении изменений в часть вторую Налогового кодекса Российской Федерации и статью 9 Федерального закона «О внесении изменений в части первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации о налогах и сборах» введен заявительный порядок предоставления налоговых льгот для налогоплательщиков- организаций по транспортному и земельному налогам.

Заявление о предоставлении налоговой льготы (КНД 1150064) заполняется налогоплательщиком на основании документов, подтверждающих право на налоговую льготу за период ее действия, указываемый в заявлении, и представляется в любой налоговый орган. Если такие документы у налоговой инспекции отсутствуют, то по информации, указанной в заявлении, она запрашивает сведения, подтверждающие право на льготу, у лиц и органов, располагающих ими, затем информирует налогоплательщика о результатах. Следует отметить, что предельный срок подачи такого заявления законодательством не определен, но поскольку с 2021 года ФНС России направляет налогоплательщикам-организациям сообщения об исчисленных суммах транспортного и земельного налогов (ст. 363 Налогового кодекса, форма утв. приказом ФНС России от 5 июля 2019 г. № ММВ-7-21/337@), Инспекция рекомендует направить заявления о налоговых льготах за 2022 год до 1 апреля 2023 года, ведь если на дату формирования сообщения у налогового органа нет информации о налоговой льготе, то в сообщение будут включены суммы налогов без учета льгот.

По результатам рассмотрения заявления о предоставления налоговый льготы, налоговый орган направляет уведомление о предоставлении налоговой льготы либо сообщение об отказе от предоставления налоговой льготы.

# График приема граждан УПП ОМВД РФ по Унцукульскому району на 2023 г.

| № п\п | Участковый уполномоченный ФИО, звание | Зона ответственности | Адрес служебного кабинета | Часы приема (дни недели, время) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | УУП<br>ст. лейтенант полиции<br>Гаджимусаев Магомедсидик Гаджимусаевич<br>моб.: 8 988 502 56 44<br>служб. тел. 89994185892 | адм. участок № 1<br>с. Унцукуль | Кабинет УУП в задании администрации<br>с. Унцукуль | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 2 | ст. лейтенант полиции<br>Омаров Шамиль Магомедович<br>моб. 8 989 886 49 99 | адм. участок № 2<br>с. Унцукуль | Кабинет УПП в здании администрации<br>с. Унцукуль | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 3 | Вакансия замещает ст. УПП<br>майор полиции<br>Нуричуев Дарбиш Мусаевич<br>моб.: 8999 418 5889 | адм. участок № 3<br>с. Ашильта | здание администрации<br>с. Ашильта | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 4. | Вакансия замешает УПП ст. лейтенант полиции<br>Гаджимусаев Магомедсидик Гаджимусаевич<br>моб.: 8 988 205 56 64<br>служб. тел. 8999 41 85 892 | адм. участок № 4<br>п. Шамилькала | кабинет УПП в здании администрации<br>пос. Шамилькала | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 5. | сержант полиции<br>Магомедов Магомед Гасангосенович<br>моб.: 8 929 883 54 42 | адм. участок № 5<br>п. Шамилькала | кабинет УПП в здании администрации<br>пос. Шамилькала | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 6. | УПП<br>капитан полиции<br>Сулейманов Рузиль Разитович<br>моб.: 8 937 595 33 44 | адм. участок № 6<br>с. Ирганай<br>с. Аракани | здание администрации<br>с. Ирганай<br>здание администрации<br>с. Аракани | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 7. | УПП<br>капитан полиции<br>Османов Али Ибрагимович<br>моб.: 8 999 418 58 86 | адм. участок № 7<br>с. Гимры | кабинет УПП в здании администрации<br>с. Гимры | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 8. | ст. лейтенант полиции<br>Шейхов Юнус Омарович<br>моб.: 8 961 838 20 29<br>служб. 8 999 418 58 91 | адм. участок № 8<br>с. Майданское | здание администрации<br>с. Майданское | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 9. | вакансия замещает УПП<br>ст. лейтенант полиции<br>Шейхов Юнус Омарович<br>служебный тел. 8 999 418 58 91 | адм. участок № 9<br>с. Балахани,<br>с. Харачи | здание администрации<br>с. Балаханы<br>здание администрации<br>с. Харачи | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |
| 10. | ст УПП<br>майор полиции<br>Нуричуев Дарбиш Мусаевич<br>моб.: 8 999 418 58 89 | адм. участок № 10<br>с. Кахабросо,<br>с. Цатаних,<br>с. Иштибури | здание администрации<br>с. Кахабросо,<br>здание администрации<br>с. Цатаних<br>здание администрации<br>с. Иштибури | Вт. с 17 00 до 19 00.<br>Чт. с 17 00 до 19 00<br>Сб. с 15 00 до 16 00 |

**М. А. АБДУРАХМАНОВ**
**Начальник ОУУП и ПДН ОМВД России по Унцукульскому району, майор полиции**

# Ясли-ах рагьана



КIалъазе рахъараз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна ремонталъе данде кколеб программаялда гIахьаллъизе рес кьурав РДялъул бетIер С. Меликовасе, Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе, ремонт гьабурал бакIал ралезе, подрядчиказе ва росулъ бугеб II «Сосна» ясли-ахалъул МКДОУялъул коллективалъе.

Спорт

# ТIоцебесеб бакI

Гьал къоязда МахIачхъалаялда ГIабдулманап НурмухIамадов ракIалде щвеялъе тIобитIулеб букIана самбоялъул къецал. Гьенив гIахьаллъана нилъер районалъул Майданское росулъа ГIисаев ГIиса Таймазович ва къецазда ккуна тIоцебесеб бакI.

Киналниги къецазда гIахьаллъулел рукIана I20 гIан батIи-батIияб гIелалъул ва цIайиялъул спортсменал. Гьезул гIумро букIана I2-I7 сон.




Бокьараб къец ккола унго-унгояв къеркьохъан бергьунеб хIалбихьи. РакI-ракIалъ баркула ГIиса-ГIисаевасда мустахIикъаб куцалда къецазда цвараб бергьенлъи. Биччанте щибаб къоялъ мун гIагар гьавизе кIудияб бергьенлъиялде ва рецщалде!

# Дуе, чIужугIадан!

(Пайдаял малъиял)

## РакI гIодоб чIвай (депрессия) аскIор ругезде бахуна

ВОЗалъул баяназда рекъон ракьалда ругел гIадамазул щивав ункъабилев яги щуабилев гIумро гьабулесул лъугьунел руго ахирияб заманалда психикиял унтаби, ай 2028 соналде ракI гIодоб чIваялъул, депрессиялъул унтуца дунялалдаго тIоцебесеб бакI ккезе буго.

Бищунго цебе гьеб лъугьуна кинабго дунялалдалъугьунебщинаб жиндагохъатIулин ккун, рекIелъе лъугьунебщинаб биччалел гIадамазул. Дагьаб цебегIан СШАялъул Индиана штаталда



бугеб НОТР-Дом университеталъул хIалтIухъабаз лъазабуна депрессивнияб образалъул гIумро гьабулезул ахIвал-хIал аскIор ругездеги бахине бегьулин.

## Соевияб гьолоялъ гIолохъанлъи халат бахъинабула

Рак гIадал ва рекIел захIматал унтабазде данде чIолеб генистенин абулеб вещество буго соевияб гьалилъ. Гьеб ккола гIадамасул тIом бахIарго чIезабиялъе пайдаяб тIагIам.

50-65 сонил гIумроялда ругел 2000 гIан чIужугIаданалъул гьабураб клиническиял халгьарияз бихьизабулеб буго соевияб гьолоялъ организмалда коллагеналъулаб белок бижиялъе кумек гьабулин. Гьелъ рукIалиде ккезабула бечIараб тIом ва лъугьинабула гьеб цIвакараблъун.

## ГIурччинлъи - черхалъе дару

Чиясул психикияб ахIвал-хIалалда тIад кутакаб асар букIуна гIурччинлъиялъул. ГIалимзабазул бихьизабиялда рекъон парказда, ахазда ва цогидалги гIурччинлъиги берцинлъиги бугел бакIазда гIумро гьабулезул сахлъи лъикIаб букIуна, гIумроялдехун гьел разиго рукIуна цогидазде дандеккун. ЦIех-рех гьабулез гIурччинлъиялда гъорлъ гIумро гьабулел данде ккуна талихIаб ригьин бугезулгун. ЧIезабуна гIурччинлъиялъ ургьелал кваридилъаби тIаса рехулеб г1адин гIадан талихIав лъун ва сахлъи бугевлъул гьавулин.

## ТIаде къварилъи цIаге

Аби буго гIадамазул бугеб жахIдахIусуд чиясул кIигъуждузда чIун букIунин. Гьединлъидал къасде гьабе душ яги ванна, радал кIигъуждуздаса гъоркье т1е гьогьомараб лъел ведро. Гьелъ тIадагьлъизабизе буго черх.

## Къасде 7 тIубаралдаса хадуб кванаге!

Кванил хIакъалъулъги дагьабго бицинин. ГIемер хIалтIизабуге, ай кванаге майонез, кепчуп, къасде кванаге гьанал квен. Гьеб кваназе лъикIаб буго къаде.

Кидаго къварилъи тIаде цIан йикIунге! Дудехунго ва аскIор ругездехун юморалъул асаргун ялагье, ай тIаде къварилъаби цIачIого сундулъго лъикIабги квешабги рахъ батизе ругьунлъе!

## БотIрол рас чуре анкьида жаниб 2 нухалъ.

Гьединаб бихьизаби гьабуна ГIизраилалъул врачаз. Гьезул пикруялда рекъон г1емер бет1ер ва черх чурани, тIомолъ ругел грибоказде ва бактериязде данде чIей гьабулеб тIабигIияб спазма хвезабулеб буго. Гьанже баккун бугеб лъамияб сапница батIи-батIиял жал гъорлъ рукIиналъ кIудияб зарал гьабулеб буго ботIролгун черхалъул тIомалъе. Гьединлъидал лъикIаблъун бихьизабулеб гьечIо щибаб къоялъ бетIер чуризе.

Талих1, дуе ч1ужуг1адан!

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 3. 7. 2023 г.
16. 10
фактически -17. 40 мин.
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.